Нобэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№62 (24.188) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек накъыгъэм и 29-м лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм.

КЪАРМЭХЬЭБЛЭ къуажэм щыкIуам республикэм и Iэтащхьэм зыщIипIыхьащ тхьэмахуэ кIуам абы къыщIэха уэм зи унащхьэкэр икъута еджапIэхэм. КIуэкIуэ Казбек Iущ Iащ Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан, къуажэ администрацэмрэ еджапIэхэмрэ я унафэщIхэм. КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек школым и щыгъыкIэр илъэгъуа нэужь зыхуэфащэ Iэнатlэхэм пщэрыпъ ящищIащ унащхьэр хъуэжыным, еджапIэр зыхуэи хуэгъэзэным текIуэдэнуэкэр зэпалъыту тхьилъхэр ягъэхьэзырыну.

Къимыдэкlэ, къэрал программэмэхэм хагъэхьауэ, мы гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ курыт еджапIитI. Аэр Дзэлыкъуэкъуажэкэрэ Малкэрэ дэт школхэрщ. Апхуэдэуи сыткIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжынущ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт еджапIэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр абы мы гъэм и мазаем щыIауэ щытащ. Зи гугъу ящIа еджапIэхэм лэжьыгъэхэм зэман гъунэгъум яужь щихьэнущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

КIуэкIуэ Казбек щIыхухэм яIуощIэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ я щхьэ Iуэхукlэ къыхуэкIуахэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм епсэлъэну хуейуэ нэхъ пасэу зрагъэтхат Iуащхьэмахуэ, Тэрч, Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэхэм щыщхэм. ЦIыхухэм КIуэкIуэ Казбек зыкъыхуагъэзащ сабий куэд зиIэ, хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм, щытыкIэ гугъу къихутахэм, апхуэдэуи сабий сымаджэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэха ягъуэтыныкIэ зыщIагъэкъуэну.

ЩIыналъэм и Унафэщ Iм, цIыхухэм зыкъыщIыхуагъэзэ Iуэхухэм хэпльэри, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и зыхуэфащэ органкэм пщэрыпъ ящищIащ зэрахузэфIэкIкIэ абыхэм зыщIагъэкъуэну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Бахъсэн щIыналъэ

Иджырей мардэхэр

Бахъсэнёнкэм и унафэщIхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэ псэуныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ жылагъуэр зэIуэпэщ щIыным-рэ.

КЪЭРАЛ программэ, лъэпкъ проект щхьэхуэхэм хагъэхьэн мурадкIэ, ухуэныгъэ зыбжанэ ягъэбелджылащ. Абыхэм ящыщщ сабии 140-рэ зыщIэхуэн сабий садыр, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ Iуэхущ Iапl эр, стадионыр. Апхуэдэу, къуажэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыжынущ, псы къыщIэщыпIащIэ ауэхуэнущ, щIалъхьэнущ псыр зрикIуэну бжьамийхэр, щэнхабзэмкIэ унэм и Iэгъуэблагъэр ягъэдзэнущ.

ЦIыху мини 9 зыдэс жылагъуэм и щыIэкIэ-псэукIэм иджырей мардэхэм тету зегъэужьыныр илъэ игъэщIыпхъэу кьелъытэ жылагъуэ администрацэм и унафэщI Абрэдж Хьэутий. Къапщтэмэ, нэгъабэ «КЪБР-м и щэнхабзэ» программэм хьхьэри Щэнхабзэмкlэ унэр зэрагъэпэщыжащ, «Псэуп Iэхэмрэ къалэм и теплъэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иту паркым сабий джэгупIэхэр щагъэуващ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэралым хуищI гулъытэм хохъуэ

Гъэмахуэм и япэ махуэр сабийуэ дунейм тетым нэхъыфI дыдэу ялъагъу. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ цIыкIухэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щыщидзэмрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр щагъэлъапIэмрэ зэрызэтехуэр.

ЛЪЭПКЪ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм (ООН-м) сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ къызэрищтэрэ илъэс 70-м щIигъуащ. Ар къыщыхъуар 1950 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 1-ращ. А махуэшхуэр убзыхунымкIэ япэу жэрдэм къыхэзылъхьар ЦIыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. IэхугъуэщIэр диныгъащ ООН-м икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитныгъэхэр, я узыншагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Ёзы дунейпсо зэгуэхэныгъэми зэфIих лэжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлIахэр япэ игъэщIыпхъэу кьилъытащ.

Илъэс кIэ мэкъуауэгъуэм и 1-м дуней псом махуэшхуэр щагъэлъапIэну унафэ кьащтами, сабийхэм я Iуэхур хэпщIыкIыу ефIэкIуэн папщIэ, ООН-м япэщIыкIэ кьищтащ Сабийм иIэ хуитныгъэхэмкIэ Декларацэ, ижькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ. Ахэр ди къэралым къыщIэлъытар илъэс 11 дэкIа нэужькIэ. Нобэ а Iэнатlэр ди къэралым шэщIауэ щолажьэ. УФ-м и Президентым Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ.

Ди къэралым иужьрей зэманым сабийхэмрэ сабиигъуэр хъумэныкIэ, зэчий зыбгъэдэлъхэм защIэгъэкъуэным хузунэтIауэ кьыщащтэ программэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Абыхэм кьызэщIаубыдэ Iуэхухэр куэд мэхъу: сабий садхэм я Iуэхутхьабзэхэм хуэныкъуэ псоми ар кьагъэсэбэпырфыну Iэмал етыныр, курыт еджапIэхэм етIуанэ, ещанэ сменэхэр щыIухьныр, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм хэхаэу защIэгъэкъуэныр, нэгъэщIэхэр.

Ахэр ди къэралым къыщилъытар илъэс 11 дэкIа нэужькIэ. Нобэ а Iэнатlэр ди къэралым шэщIауэ щолажьэ. УФ-м и Президентым Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ.

А псори кьалытэ УФ-м и унафэщIхэм икIи кьытщIэхъуэ щIэблэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу ягъэув. Сабиигъуэм ди къэралым хуищI гулъытэм илъэс къэс хохъуэ. 2007 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкур, сом мин 250-у къежьа дэIэпыкъуныгъэу сабий етIуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм иратыр, мы гъэм хъущ сом мин 483-рэ 882-рэ. А ахъщэр трагъэкIуадэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хузэхуахьэс Iыхьэм. КьиныжьыщIауэ, ящу бын зыгъуэтхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ мы гъэм къыщыщIэдзауэ хэпщIыкIыу защIегъакъуэ. ЩIыпэлъхъэм мазэ къэс хухах мылькум и инагъыр ди республикэм 2021 гъэм щохъу сом 13 815,0-рэ. Ар унагъуэм Iэрыхьэнущ сабийм и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ ирикъуху. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр, шэч хэмылъу, бын ззэыгъэгъуэтыну хуей унагъэщIэхэм я дежкIэ дэIэпыкъуныгъэшхэщ. Апхуэдэу абы ирегъэфIакIуэ ди щIыналъэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зиIэ унагъуэхэм социальнэу ядэIэпыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ кьэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьабзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гузэвым къызэригъэззэжыр, анэ (унагъуэ) мылъку сабий етIуанэм (ещанэм, еплIанэм...) зэрыхуагъэувар, етхуанэ (е нэхъыбэ) бын ззэыгъэгъэта (къуэ (пхъу) зыщIа) бзылъхугъэхэм псэупIэ яухуэн е къащхун папщIэ сом мин 250-рэ кьыззэрыратыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэнэщ бынхэр зэрыщыбгъэIэфыр. А Iуэхугъуэхэр зэфIэхэ зэрыхъум набдзэгубдзаплъэу кIэлъопль КЪБР-м и Iэтащхьэм Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Лъынэ Светланэ.

Дэтхэнэ къэралми и зэIуэпэщынныгъэр псом ящу кьызэралъытэр абы сабийм, анэм, унагъуэм щIэ пщIэрщ, гулъытэрщ. А Iэнатlэхэр нэхъри ефIэкIуэну, сабийхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэр нэхъыбэж хъуну дыщогугъ. Я бын цIыкIуэр, насып щыгъэу Тхьэр къаэрыхуэупса фIыгъуэр, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ цIыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр къапэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр дэтхэнэ адэ-анэми хьэкъыу пхыкIауэ щытыпхъэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Налшык

Жыг хадэр ягъэдэхэж

Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэр зэIуэпэщ щIыным екъэлIа лэжьыгъэхэр йокIуэкI.

ДИ нэхъыжьхэм фIыуэ ящIэж парк ихьапIэм пэмыжьжьэу иIа шахмат джэгупIэр. Унэр нобэми щытщ, сэкъат куэд игъуэтарэ, зэгъэпэщыжын зэрыхуей нэрылъагъуу. Иджыблагъэ лэжьыгъэр яублащ. Абы и архитектурэ теплъэр яхъуэжьнукъым - «модерн» гъэпсыкIэм кьытенэнущ. Шахмат щыджэгуну стIолыщхьэхэри тетIысхьапIэхэри пхъэ зытебэа бетон гъэжащ. Унэм екIуалIэ лъэс лъагъуэ закъуэр шахмат доскам и теплъэр иIэу плиткэкIэ кьращIыкIащ. ЩIыхьапIэм деж бетоным кьыхэгъэжыкIа шахмат фигурэу - 2 ягъэуващ, пкъохэр зэкIэгъэнэху уэздыгъэхэм я нурыр дахащэу пшапэм кьатридзэу.

ШахматымкIэ зэпеуэхэм я мызакъуэу, а щIыпIэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри кьыщIэзбгъэпэщ хъунущ . Я мурадщ «Шахмат унэм» и гупэ кьит анэмрэ сабиймрэ я фэеплъри зыхуей хуагъэзэжыну. Налшык паркыр ижь лъандэрэ зыгъэбжьыфIэу щыта фэеплъ, щIыпIэ куэдым теплъэ дахэ ягъуэтыжынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● ЗэIущIэхэр

КЪБР-м и Парламентым зэлэжьыпхъэхэр еубзыху

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм депутатхэм кьыщащтащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек 2021 гъэм накьыгъэм и 17-м республикэм и хабзэгъэуб Iуэхущ Iапl э нэхъыщхьэм Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэпльэгъуахэр зэрагъэзэщIэну Iуэхугъуэхэр.

КЪБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** зэрыжиIамкIэ, а дэфтэрым лэжьыгъэ 30-м щIигъу кьызэщIеубыдэ. Псом япэу законопроект зыбжанэ зэхагъэуэвэну я мурадщ, къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэри ирагъэкIуэкIынущ. Иужьрейхэр теухуауэ щытынущ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм, Iулъхьэм зэрыпэщIэтым, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр кьызэрызэрагъэпэщым, Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ Iуэхухэр зэрыщагъэфIакIуэм, промышленность псынщIэм, егъэджэныгъэм, спортым, узыншагъэр хъумэным зэрызрагъэужьым, цIыху щхьэхуэхэр псэупIэкIэ кьызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщIхэми.

- Къэдгъэпэсэгъуэ лэжьыгъэхэр купщIафIэу зэпэкърыхын, тэмэму и чэзум гъэзащIа хъун хуейщ. Нэхъыбэр зытеухуар КЪБР-м и Iэтащхьэм гулъытэ хэха зыхуищIа социальнэ Iуэхухэращ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм пщэрылъ щащIащ гъатхэ, бжьыхьэ лэжьыгъуэхэр кьыщапщытэжкIэ, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Зэрызыхуигъаззм щыщу ягъэззащIа Iуэхуэхэм кьрикIуар республикэм и хабзэгъэуб Iуэхущ Iапl э нэхъыщхьэм и Унафэщым хуаIуэтэнэр.

Зэ Iущ Iэм щыхэплъащ «КЪБР-м ДIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2021, 2022 - 2023 гъэхэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ КЪБР-м и законым и проектым.

Къищынэмыщ Iауэ, депутатхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законрэ жэрдэм 20-м щIигъум я проектхэм.

КЪБР-м и Парламентым Мэхъумэш Iуэхухэмкlэ, щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымрэ ар хъумэныкIэ и комитетым и унафэщI **Текlушэ Артур** щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «Экология» лъэпкъ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм. КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъэзгу Iэнатlэмкlэ и комитетым и унафэщI **Байдаев Сэлихь** кьызэщIикьуэжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и автомобиль гъэзгу щынагъэунэшхэр» лъэпкъ проектым хихьэу зэфIагъэкIар.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70; 40-34-32.

Кадетхэр ягъэгушхуэ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КЪБР-м щыIэ Павлов Василий кадетхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ екъуэхъуащ гъэджэгъуэр кьыззрауахамкIэ.

САБИЙХЭР хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, КЪБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Iуэху гуапэ. Абы кърагъэблагъащ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №7-м полицэм и япэ кадет класс кьыщыгъэзагъэпэщам щеджэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ.

Министерствэм Щэнхабзэмкlэ и центрым иубзыхуа Iуэхухэм ябгъ иткIэ кадетхэр щыгъуазэ ящIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм. Гъэ еджэгъуэм хиубыдэу кадетхэр щыIащ ведомствэм и Iуэхущ Iапl э зэмыпIэужьыгъуэхэм. Еджакlуэхэм къагъэлъэгъуащ жэуаплныгъэ зэрызыхащIэр, зэрыгъэсар, зэрыжьыджэрхэр.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КЪБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий жиIащ и фIэщ зэрыхъур кадетхэр я ныбжьхэм сыт и лъэныкъэкIи щапхъэ зэрахуэхъунур.

- МВД-м и лэжьыгъэр зытеухуэжар жылагъэр мамырынырщ, фи адэ-анэхэм, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ я шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщынырщ. Дэтхэнэ ди лэжьакIуэми хэлъхьэныгъэ хуещI щIэпхъаджагъэм пэщIэтыным, хабзэм ебакъуэ кьэмыгъэхъуным. Иужькlэ фэ ныбжьыщIэхэрщ аэр зи къалэн хъунур, фыпэлъэщынкIи дызыщыгъуэр, - кьыхигъащ министрым.

Апхуэдэуи, ведомствэм и унафэщIым фIыщIэ яхуищIащ Налшык къалэ дэт МКОУ СОШ №7-м и унафэщIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ школакIуэхэр егъэджэным, абы полицэм и кадет классхэм я гъэсэныгъэм хьыкъу, я гуащIэ, лэжьыгъэшхуэ зэрыхалъхьэм папщIэ.

Курыт еджапIэ №7-м и унафэщI Хъарзынэ Заур КЪБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи я нэIэ кьыззрытетым, гулъытэ кьыззрыхуащIым папщIэ.

Кадетхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КЪБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэм я ветеранхэм и Советым и президиумым хэт, тIысыжауэ зызыгъэпсэху милицэм и полковник Пыхъ Мухьэдэрэ. Абыхэм даIыгъащ кадет зэщIэхъхеенныгъэм республикэм адэкIи зыщегъэузгъэбгъуныр икIи гъэ еджэгъуэр кьэзыуха щыкIуэхэм ехъуэхъуащ зыгъэпсэхугъуэр сэбэп пылъу ягъэкIуэну.

Махуэшхуэ зэхьхьэм и кIэухым министр Павлов Василий кадет классым щеджэжэр хэкупсэу гъэсэным хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ КЪБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхьилъхэр яритащ школым и унафэщI Хъарзынэ Заур, абы и къуэдзэ, МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэ ЦIыпIынэ Заремэрэ класс унафэщI Къэблахъуэ Эльмирэ сымэ.

Еджэныгъэм, спортым, творческэ, жылагъуэ гъащIэм ехьулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа кадет классым и гъэсэнэхэм хуагъэфащащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и щIыхь тхьилъхэр. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министрым кадет псоми яритащ фэеплъ сауГэтхэр.

Къыхэдгъэщынщи, махуэшхуэ зэIущIэр щекIуэкIым къыхахащ кадет нэхъыфIыр. ЕгъэджакIуэхэр зэдзэрэзыуэ ар хуагъэфащащ еджэныгъэми спортми щыпашэ Энеев Амир.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

● Гъуазджэ

Дунейр щIыкIухэм я нэмкIэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ и музейм къыщыдзэIуахынщ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ткаченко Андрей и фэеплъу ирагъэкIуэкI, сабий сурэт гъуазджэм и XIII Кавказ Ищхъэрэ зэхьэзэхуэр. «Дунейр сабийхэм я нэмкIэ» - араш зэреджэр ди щIыналъэм илъэс пщыкIущ хуауэ щызэхашэ а зэпеуэр. Кавказым хыхьэ щIыналъэм къыщынэмыщIауэ, абы хэтыну Iэмал яIэщ Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я сурэтыщI ныбжьыщIэхэми.

МэкъУАУЭГЪУЭМ и 1-м къызэIуахыну сабий сурэт зэхьэзэхуэр зи фэеплъу ирагъэкIуэкI Ткаченко Андрей и цIэр зэхэзымыхарэ и Iуэхущафэхэм щымыгъуазэрэ къэгъуэтыгъуейщ. 1942 гъэм зауэм дэкIри, и псэ емыблэжу, лIыгъэ къыщигъэлъагъуэу, хахуагъэ щызэрихьэу зэуапIэм итащ. Бийм щыхь имыщIэу зэрыпэщIэтам папщIэ зауэлIым «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и 1, 2-нэ нагъыщэхэр, «Кавказыр зэраухъумам папщIэ» медалыр къыхуагъэфащауэ щытащ. УIэгъэ хьэлъэ игъуэтэ ноужь, Ткаченко Плъэужьыдзэм къыхагъэкIыжащ, 1949 гъэм Самарканд къалэм сурэт щIыныжкIэ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэр хъарзынэу къиуахащ, иужькIэ Краснодар дэт къэрал университетым сурэт щIынымрэ графикэмкIэ къудамэм щIэтIысхьащ. Зэреджэм хуэдэуэрэ, Ткаченко Налшык къалэ дэт Пионерхэм я унэм сурэт щIынымкIэ студием и унафэщIу лэжьэн щыщIидзэри, а Iэнатlэм илъэс щэ ныкъуэм щигъуэкIэ Iутащ.

Ди щIыналъэм щыщу Ткаченкэщ гъуазджэм епха щIэныгъэхэмкIэ яIэ дыдэу еджапIэ нэхъыщхьэ къэзыуухар, араш ныбжь сурэт щIыныжкIэ щIыпIэ зэгуфхэныгъэм хэт сурэтыщI куэдыр зыгъэсари. Абыхэм ящыщу КIыщ Мухьэдин, Ащхъуэт Михаил, Къыпу Мухьэмэд, Пащты Герман, Мамбэт Пётр, Кулиев Азэмэт, Теппеев Хьэзыр, Сурайханов Ибрэхьим, Калкутин Андрей сымэ.

Сабий сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ, сабий гъуазджэр зыфIэфI, дахагъэр зи гуапэ дэтхэнэми абы епIлъыну Iэмал иIэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Школ хъыбархэр

Дерс щхьэпэхэр ирагъэкIуэкI

Дэнэкли хуэдэу, ди республикэми щагъэлъэпIащ Иужьрей уэрджынэм и махуэр. Курыт школхэм гуфIэгъуэ зэриухар. Тхьэмахуэ блэкIам къриубыдэу школакIуэхэм щIадзащ къэрал къэпщытэныгъэр ятын. Апхуэдэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIакIэщ пэщIэдзэ классхэм щеджэ сабийхэм, 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм (ахэр ОГЭ-хэмрэ ЕГЭ-мрэ хэтщ) нэмыщI, адрей гуп нэхъыжьхэми щIэсхэм. Иджы школакIуэхэр щогуфыкI я гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэр къызэрыблагъэм.

А ЛЪЭХЪЭНЭР, щэч хэмылъу, сабийхэм я IутIыжьгъуэщ, зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ. АтIэми адэ-анэхэм ящыщ куэдым я гум пIейтеягъэ ильынущ, я быныр здэщыIэмрэ абыхэм зэманыр къызэрагъэсэбэпрэ ехьэлIауэ. НыбжьыщIэхэр щхьэхуит хъуэ зэманыр я «Iэмыщ1э» щилъыну лъэхъэнэм ирогузавэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэри. Аращ ахэр мы зэманым къыщыщIэдзауэ а Iэхум щIытелажьэр. Зи ныбжь нэмысахэм ядэлажьэхъумэ IэщIагъэлIхэр яхуэзэ адэ-анэхэми ныбжьыщIэхэми, ныбжьыщIэхэм я зыгъэпсэхуГуэ лъэхъэнэр хэт и дежкIи купщIафIэу, хьэлэмэту, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, шынагъэншэу ирахьэкIыным епха псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIыу.

УФ-м и МВД-м Налшык щиIэ IэнатIэм балигъ мыхъуахэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлIхэм къалащхьэм щаублакIэщ а лэжьыгъэр. Инспекторхэр иджыблагъэ щыIащ Налшык дэт курыт школ №19-м, адэ-анэхэм я зэхуэсым жьыдэжру хэтащ. Полицейхэм балигъхэр къыхураджащ гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэ лъэхъэнэм хэриубыдэу я бынхэм нэхъ нэхъ набдзэгубдзапIъэу якIэлъыплъыну, ахэр здэщыIэмрэ зыихт Iуэхугуэхэмрэ дапщэщи щыгъуазэу щытын зэрыхуейри ягу къагъэкIыжащ. Псалъэмакъым хэту абы адэ-анэхэм гу лърагъэтащ пшапэр зэхэуа, жэщ хууа нэужь я быныр я унэ щIэсыжмэ, нэхъ тэрэзэу зэрыщытыр.

- Адэ-анэхэр фыкIыхуздожв балигъыпIэ имыува фи бынхэм автомашинэр хуит яхуэзмыщIыну. А сакъыныгъэр зыфIэкIуэду гъуэгум щызекIуэ хабзэхэм ебакъуэ куэд къахэкI ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэ кIэу зэгъэуджьхэм къакIэлъыкIуэнкIэ хъунущ Iуэку мыщхьэпэхэр, нэщхъеягъуэ зэхуэмыдэхэр, - кIыхагъэщащ инспекторхэм. - Кьинэмыщ1ауэ, илъэс щIагъуэ дэкIыркъым лъаганIэ зэмылIэужьыгъуэхэм сурэт щIызытрагъэхыну дэпщея (дэкIуея) ныбжьыщIэхэм ящыщ куэдым фэбжь гуэрхэр къащымыщу. Интернетым и социальнэ сайтхэм я сурэт «телъыджэхэр» ихуэу абыхэм «лайк» къыкIэщIагъэувэн папщIэ, сабийхэр куэдым тогушхэу, сакъыныгъэмрэ набдзэгубдзапIъагъэмрэ афIэкIуэду. ДыныводлъэIу а Iуэхугуэм теухуа псалъэмакъ фи бынхэм ядэгъэкIуэкIыну.

ГъащIэм щыщ щапхъэ нэрылъагъуэхэр къахьурэ, инспекторхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ жылагъуэм щызекIуэ хабзэхэр ныбжьыщIэхэм къызэпемыгъэудыным ехьэлIауэ. ЗэIущIэм и кIэухыу абыхэм жэуап ираташ гъэмахуэ зыгъэпсэхуГуэми нэгъуэщI Iуэхугуэхэми епхауэ адэ-анэхэр зыгъэпIейтей упщIэ псоми.

ТАМБИЙ Линэ.

● Адэ-анэхэм папщIэ

Къахузэтефх ди щIэблэм дыщэ пхъуантэр

Ди адыгэ IуэрыIуатэмувпIэ ин дыдэ щеубыд икIи мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ гъэсэныгъэм. КъытущIэхъуэ щIэблэм я акъылымрэ гупсысэмрэ убзыхуныкIэ, лъэпкъ хабзэмрэ кэмысымрэ, щэнымрэ нэщэнэхэмрэ ятеухуа щIэныгъэ ябгъэдэлъу къэгъэтэджьнымкIэ а хъугъуэфIыгъуэр хэкIыпIэ гъуэзэджащ.

ДЭТХЭНЭ адэ-анэми бын пIыныМрэ гъэсэнымрэ, шэч хэмылъу, къыщегъэсэбэп игъащIэ лъандэрэ адыгэхэм къыддэгъэуГурыкIуэ псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, псалъэ шэрыуэхэр. Абыхэм бзэр нэхъ дахэ, шэрыуэ, жан, Iупщ1 икIи наIуэ ящI. Сабийбэм зезыгъэужьхэм ящыщщ псалъэрыпсалъэхэри. Я купщIэрэ гупсысэкIэ мыхьэнэшхуэ ямыIэми, абыхэм я къалэныр сабийм и бзэр псэльэным хуэкъуГэныбгъ, анэдэлъхубзэм ар егъэсэныращ, ар зэрызэхэт макъэхэр хуиту кьипсэлъыф щIыныращ.

Адэ-анэхэм фи пащхьэ идолъхьэ сабийхэр бзэм хуэшэрыуэ зэрыфщIын псынщIэрыпсалъэ зыбжанэ. АбыхэмкIэ мыщIэ, бажэ, мэз джэду... Къуалэбзухэр уэгум изщ: Хьэрхьуп, жьынду, жэнэтбзу... Губгъуэм удэкIэ зигъэнщIащ: Лъэху, дадий, яжьащхъуэ... Дуней псор къэщIэрэщIащ, Уафэр хъуащ нэхъ къащхъуэ.

ЩОДЖЭН Леонид

КIэпхъ

Си кIэпхъ щыкIуу
Зи кIэр бащ,
Бащ щыкIуу
Си нэуцэ,
Зи нэ щыкIухэр
МафIэ дэп.
Дэм и купщIэр
Зи шхынигъуэ,
Жьыгъжь щхьэкIэр
Зи джэгупIэ,
Жьыгъжь гъуанэр
Зи псэупIэ.
Псыхъуэ мэзыр
ЗыгъэбжьыфIэ,
ЦIыкIуи ини
ЗыгъэгуфIэ.
Мыдэ къаплъэт,
Бащ щыкIу,
Уэсхъуэжьнущ сэ дэ щыкIу.
Абы щхьэкIэ
Уи сурэт
Сэ фэеплъу
Уэ къызэт.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Гущэкъу уэрэд

Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кIэрыщIащ.
Вагъуэ щыкIухэр щыгъэу
Зэбгрыщэщащ...
Жэщыр пщIыхь дахащэу
Iупхъуэм къызэпхощ,
Уэри, мыщIэ щыкIуу,
Гущэм укъыхощ.

Ежьу: Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Си дуэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Сыт ущIемызэгъыр,
Си гуфIэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапIэр -
Тыншу зыгъэпсэху.
Жей, си дыщэ кIанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд щыкIум
Къытезгъэзэжащ.

Ежьу: Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэ ирижэн,
Псэ зэрытехьэхъэу
ЛъапэкIэ зежэн.
Жей, си фIыгъуэ закъуэу
Нэхупъэфl къыхэхуекIын,
Сэ гуфIэгъуэ нэпскэр
ЗыхущIэгъэкIын.

Ежьу: Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Гъуджэм, зысщыбгъэпщкIуу,
Хьэмэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщынкъэ тыгъэу
Щыlэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэсслъэхуэжьнщ,
Вагъуэ щыгъэ щыкIухэр
Къыпхуэсщыпыжьнщ.

Ежьу: Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Усэхэр

АФIЭУНЭ Лиуан

Гъэмахуэ

Уафэм и Iэпlохуэм
Пlапlлэу дыгъэр исщ.
Хадэм имыхуэу
ХадэхэкIыр изщ.
Фlэхуэр фlэлъщ ди санэм,
Пызщ ди щхъырыбейм.
Си къуэшу щыкIу Хьэсанэ
Абы доIэбей.
Ди Iущхьэ щхьэ матэр
Пlлъыжьу къэгъэгащ.
ДиIэщ дэ мамкъути,
Ди балийри хъуащ.

СОНЭ Абдулчэрим

Жьауэр - къухьэ, дыгъэр - къуэкI

ДокIуэ псым дэ зыгъэпскIакIуэ.
Жьауэр - къухьэ,
Дыгъэр - къуэкI.
Псы есыным IэкIуэлъакIуэ
ЗыхуэтщIыну ди из къокI.
Псыхъуэм мыВэхэр къыщоплъыр,
Лъэгум ахэр къопщтырэкI, -
Нэри пэри зыхь псы-алъпым
Къэхуэбэни игу къэмыкI.
Псым уэзту зыпIэжььамэ,
Уи лъэдийр къыпхуегъэдий;
Iуэхуракъэ, хъуамэ жьауэ,
Пшэм егъэпщкIур дыгъэ бзийр.
Пшэр щхьэщыкIмщ, ди кIэн къокIыр,
Псыми мащIэу дыщIорсыкI.
Дыгъэм доджэ къыщIэкIыну:
«Жьауэр - къухьэ,
Дыгъэр - къуэкI!»

КЪЭЗАН ФатIимэ

Си лъахэр - гъэмахуэм

Ди хадэшхуэм куэд щобагъуэ:
Къэб, къэбыстэ, къуэнтхъурей...
Ди жьг хадэм къыщоГъагъэ:
Дей, къыпщей, мыIэрысей...
ХьэкIэкъуэкIэр мэз щыкуэдщ:

Си дуэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Сыт ущIемызэгъыр,
Си гуфIэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапIэр -
Тыншу зыгъэпсэху.
Жей, си дыщэ кIанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд щыкIум
Къытезгъэзэжащ.

Ежьу: **Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,**
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэ ирижэн,
Псэ зэрытехьэхъэу
ЛъапэкIэ зежэн.
Жей, си фIыгъуэ закъуэу
Нэхупъэфl къыхэхуекIын,
Сэ гуфIэгъуэ нэпскэр
ЗыхущIэгъэкIын.

Ежьу: **Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,**
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

Гъуджэм, зысщыбгъэпщкIуу,
Хьэмэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщынкъэ тыгъэу
Щыlэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэсслъэхуэжьнщ,
Вагъуэ щыгъэ щыкIухэр
Къыпхуэсщыпыжьнщ.

Ежьу: **Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,**
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ щыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удэ гъэгъа щыкIуу
Къыхэжа!

КъебжэкIхэр

ХЪУРОМЭ

Уэ хъуромэ,
хъуромэ,
Уо, уо!
Уэ хъуромэ машэ,
Уо, уо!
Уэ мэшырыщIэ,
Уо, уо!
Уэ напщIэисэ,
Уо, уо!
И кум ирасэ,
Уо, уо!
Трасэр мэхъур,
Уо, уо!
Хъуэхъур зи Iэнэ,
Уо, уо!
ФIыкIэ мэхъуахъуэ,
Уо, уо!
Хъуэхъур къыфлъыси,
Уо, уо!

ИНЭМЫКЪУЭ

Инэ-инэ,
Инэмыкъуэ,
Мыкъуэ щхьэл,
Щхьэл къутэ,
Къутэро,
Щауэ мыхъу,
Щауэ хъуа,
Хъурэз натIэ,
Хьэ натIищ,
ЛIищ зыукI,
ЗызыукIыж,
Хьэнэрыгъ,
Лъэрыгъыпс.

● ЩIыпIэцIэхэр

ЩIэмэз

Апхуэдэущ адыгэхэр ноби зэреджэр Iуащхьэ джабэ нэкIухэу пыудзахэм я лъабжьэкIэ къыщежьэ и къъупсхэмкIэ зыкъыщыщIэщIэзыкъуэу хым хэлъэдэж псы цIыкIумрэ абдеж дыдэм къыщыунэхуа Новороссийск къалэмрэ. А цIэр зэрехьэ псыIум къегъэщIылIа хыжьэми («Цесмесская бухта»).

НОВОРОССИЙСК къалэр здэщыт щIыпIэм адыгэхэр **«Щыгу пщыкIуийкIи»** еджэрт. А цIэр щыIтрагъэIукIами щхьэусыгъуэ пыухыкIа иIэт: пасэ зэманхэм щыгъуэ, Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм укъыгъуэ Цlэмэз зи фlэщыгъэ хьжьэм унэсын папщIэ, иджыри бгъущхьэ тхьцIэу 18 къызэбнэкIын хуэйт.

Зи гугъу тщIы щы кIапэм щытепсэлъыхькIэ, адыгэхэм **«Чыхэкl»** - «ЩIыхэкI» псалъэри къагъэсэбэпырт, «псым жьжьэу хьхьэ щы кусэ» мыхьэнэр къраГъэкIыу. Сыту жьпIэмэ, нэхъ пасэхэм зэрыщытар араши, ЦIэмэз зыфIаща псым ирихьэх утхъуахуэхэм ясея дэлъэдапIэр, шэдыльэрэ жьжьэу, ищхъэрэкIэ кIыхьу ехьырт.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, япэщIыкIэ «ЦIэмэзкIэ» зэджэу щытагъэнур мы щIыпIэм ижькIэрэ къыщыкI мэз цIырхэ тIэкIуращ. ИужькIэщ а фIэщыгъэр псымэ, абдежым къыщыунэхуа къалэмэ щыкIэрэ щIыпIщIар.

ЩIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыным, я зэхэлъыкIэр джыным зэман куэд ятезыгъэкIуэда щIэныгъэлIхэу **КIуэкIуэ Джэмалдинрэ Мерэтыкъуэ Къасымрэ** къызэралъытэмкIэ, «ЦIэмэз» фlэщыгъэр мы Iэшэлъашэм щыпсэуа натхъуэджэхэм (адыгэ лъэпкъщ) хъэ зыхуагъакIуэу щытыгъар **«ГъудзбадзэхэмрэМэз»** егупсысырэщ. **«ЦIэпс»** топонимым и къэхуакIэри абы ирагъэщхь.

Адыгэхэм «ЦIэмэз» псалъэр мы щIыпIэм ехьэлIауэ нэхъ пасэхэми къагъэсэбэпу зэрыщытам и щыхьэтщ XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм (1813 гъэм, иужькIэ 1823 - 1824 гъэхэм) Анапэ быдапIэм щыпсэуа франджы щIэныгъэлI Тэбу де Мариньи иужьым итхьжа и гукъэкIыжхэм абы хуэкIуэу къыщыхигъэща фlэщыгъэхэри.

Мыри джащIыгъуэкIхъэщ. Яныныкъуэ адыгэхэм Новороссийск и гугъу щащIкIи «Дзыгъуэ цIыкIу къалэ» жаIэу щытащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Адыгэ Республикэм щыщ гъавэгъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Еныкъуэ Исхьэкъ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Симоновэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Къэрал и къупльыщIэ, Урысейм и Олимп комитетым и президент, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Жуков Александр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ я чемпион **Крутов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

♦ЛыжэкIэ къызэдзэкн спорт лIэужьыгъуэмкIэ Олимп Джэгуэм тхуэнейрэ щытекIуа, Урысейм и Лыхъужь щIэр зыхуагъэфэща **Лазутинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIалэгъуэрэ дахэгъуэрэ зимыIэ щыIэкъым.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Ялэ гуп ЩэщIрэ етIуанэ джэгуГуэр
«Спартак-Налшык» - «Форте» (Таганрог)
Налшык. «Спартак» стадион.
Мэкъуауэгъуэм и 2.
Сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 30-м.

НОБЭ

♦Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ
♦ЦIэм и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и ВМФ-м и Ищхъэрэ флотым и махуэщ
♦Урысейм и Правительствэм и связь Iэнатlэр къыщызэрагъэпэща (1931 гъэм) махуэщ
♦КъуэхэпIэ Австралиер къыщызэIуаха махуэщ (1829 гъэм)
♦1806 гъэм архитектор Джакомо Кваренги Петербург ухуэн щыщIригъэдзауэ щытащ Смольнэ институтым и унэр.
♦1862 гъэм США-м цIыкухэр щагъэпщылIыну зэрыхуимытым теухуа унафэ къыщыдзэкIащ.
♦1892 гъэм Урысейм щыяпэу Киев къалэм щутIыпщащ электричествэкIэ зекIуэ трамвай.
♦1918 гъэм Урысейм и Къэрал архив Iэхущ1апIэр къызэрагъэпэщащ.
♦1921 гъэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.
♦1924 гъэм «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я япэ номерхэр къыдэкIащ.
♦Нэмыщ1э физик, математик, бзэщIэныгъэлI, философ щIрыIуэ **Лейбниц Готфрид** къызэралъхурэ илъэс 375-рэ ирокъу. Пётр Езанэм и лъэIукIэ абы зэхилъхьауэ щытащ егъэджэныгъэмрэ къэрал зехьэкIэмрэ зэрызрагъэужьыну щыкIэм теухуа проектхэр.
♦Дипломат, генерал-фельдмаршал **Бестужев-Рюмин Алексей** къызэралъхурэ илъэс 328-рэ ирокъу. Петр ипхъу Елизаветэ пащтыхь гуащэм и эманым Урысейм и къэрал щIыб политикэр зыунэтIу щытар аращ.
♦Урыс композитор щэджащэ **Глинкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 217-рэ ирокъу. 1833 гъэм абы итха «Патриотическая песня» жыхуиIэ макъамэр Урысей Федерацэм и къэрал гимну щытащ 1991 - 2000 гъэхэм.
♦США-м щыщ, дуней псом щынэхъ цIэрыIуэ дыдэ киноактрисэхэм хабжьу щытэ **Монро Мэрилин** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Нормэ Джин Мортенсонщ**) къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм щыщ гъавэгъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Еныкъуэ Исхьэкъ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Симоновэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Къэрал и къупльыщIэ, Урысейм и Олимп комитетым и президент, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Жуков Александр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Хоккеист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ я чемпион **Крутов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.
♦Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.
♦ЛыжэкIэ къызэдзэкн спорт лIэужьыгъуэмкIэ Олимп Джэгуэм тхуэнейрэ щытекIуа, Урысейм и Лыхъужь щIэр зыхуагъэфэща **Лазутинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Гъуазджэ

Дунейр щIыкIухэм я нэмкIэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ и музейм къыщызэIуахынщ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ткаченко Андрей и фэеплъу ирагъэкIуэкI, сабий сурэт гъуазджэм и XIII Кавказ Ищхъэрэ зэхьэзэхуэр. «Дунейр сабийхэм я нэмкIэ» - араш зэреджэр ди щIыналъэм илъэс пщыкIущ къыуауэ щызэхашэ а зэпеуэр. Кавказым хыхьэ щIыналъэм къыщынэмыщIауэ, абы хэтыну Iэмал яIэщ Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я сурэтыщI ныбжьыщIэхэми.

МэкЪУАУЭГЪУЭМ и 1-м къызэIуахыну сабий сурэт зэхьэзэхуэр зи фэеплъу ирагъэкIуэкI Ткаченко Андрей и цIэр зэхэзымыхарэ и Iуэхущафэхэм щымыгъуазэрэ къэгъуэтыгъуейщ. 1942 гъэм зауэм дэкIри, и псэ емыблэжу, лIыгъэ къыщигъэлъагъуэу, хахуагъэ щызэрихьэу зэуапIэм итащ. Бийм щыхь имыщIэу зэрыпэщIэтам папщIэ зауэлIым «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и 1, 2-нэ нагъыщэхэр, «Кавказыр зэраухъумам папщIэ» медалыр къыхуагъэфащауэ щытащ. УIэгъэ хьэлъэ игъуэтэ ноужь, Ткаченко ПлъэужьыдзэМ къыхагъэкIыжащ, 1949 гъэм Самарканд къалэм сурэт щIыныжкIэ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэр хъарзынэу къиуахащ, иужькIэ Краснодар дэт къэрал университетым сурэт щIынымрэ графикэмкIэ къудамэм щIэтIысхьащ. Зэреджэм хуэдэуэрэ, Ткаченко Налшык къалэ дэт Пионерхэм я унэм сурэт щIынымкIэ студием и унафэщIу лэжьэн щыщIидзэри, а Iэнатlэм илъэс щэ ныкъуэм щигъуэкIэ Iутащ.

Ди щIыналъэм щыщу Ткаченкэщ гъуазджэм епха щIэныгъэхэмкIэ яIэ дыдэу еджапIэ нэхъыщхьэ къэзыуухар, араш ныбжь сурэт щIыныжкIэ щIыпIэ зэгуфхэныгъэм хэт сурэтыщI куэдыр зыгъэсари. Абыхэм ящыщу КIыщ Мухьэдин, Ащхъуэт Михаил, Къыпу Мухьэмэд, Пащты Герман, Мамбэт Пётр, Кулиев Азэмэт, Теппеев Хьэзыр, Сурайханов Ибрэхьим, Калкутин Андрей сымэ.

Сабий сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ, сабий гъуазджэр зыфIэфI, дахагъэр зи гуапэ дэтхэнэми абы епIлъыну Iэмал иIэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Адэ-анэхэм папщIэ

Къахузэтефх ди щIэблэм дыщэ пхъуантэр

Ди адыгэ Iуэрыlуатэм увпIэ ин дыдэ щеубыд икIи мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ гъэсэныгъэм. КъытущIэхъуэ щIэблэм я акъылымрэ гупсысэмрэ убзыхуныкIэ, лъэпкъ хабзэмрэ кэмысымрэ, щэнымрэ нэщэнэхэмрэ ятеухуа щIэныгъэ ябгъэдэлъу къэгъэтэджьнымкIэ а хъугъуэфIыгъуэр хэкIыпIэ гъуэзэджащ.

ДЭТХЭНЭ адэ-анэми бын пIыныМрэ гъэсэнымрэ, шэч хэмылъу, къыщегъэсэбэп игъащIэ лъандэрэ адыгэхэм къыддэгъэуГурыкIуэ псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, псалъэ шэрыуэхэр. Абыхэм бзэр нэхъ дахэ, шэрыуэ, жан, Iупщ1 икIи наIуэ ящI. Сабийбэм зезыгъэужьхэм ящыщщ псалъэрыпсалъэхэри. Я купщIэрэ гупсысэкIэ мыхьэнэшхуэ ямыIэми, абыхэм я къалэныр сабийм и бзэр псэльэныМ хуэкъуГэныбгъ, анэдэлъхубзэм ар егъэсэныращ, ар зэрызэхэт макъэхэр хуиту кьипсэлъыф щIыныращ.

Адэ-анэхэм фи пащхьэ идолъхьэ сабийхэр бзэм хуэшэрыуэ зэрыфщIын псынщIэрыпсалъэ зыбжанэ. АбыхэмкIэ цIыкIухэр бгъэдэжэгу хъунущ, зэпадзыжурэ, къытрагъэзэжурэ къебгъэпсэльэрэ.

Пызь пызу пыту иту щыту жыг.
Шыбжиилпъ, псы плъыжьыбзэ.
ЩакIуэ щIакъуэм щIакхъуэ нькъуэ щIакIуэ щIагъым щIэлъу ехь.
Жэмыбгъэ бгъэгу хужь мэжьэгъуэашхэ.
Лыбжьалъэ плъыжьыбзэм шыбжиищхьэ плъыжьыбзиплI къыхоплъ.
Мо шкIэ бур ди шкIэ хьэмэрэ фи шкIэ?
Мыщэр пэщащэурэ мащэм ищтащ.
Набдзэ и набдзапIэ фIыцIэр фIыуэ егъэцIу.
Тебэ фIыцIэм хупщIынэ цIынэ иупщIащ.
КIыгуугур хьэгуагуэ? ХьэкIагуэ кIыгуугу?
Iэпхъуалъэ фIыцIэ, псырылъэ цIу, псырылъэ фIыцIэ, Iэпхъуалъэ цIу.
Банэ папщIэ, мей щIынафэ.
Фи бори яй, ди бори яй.
Хурсэ-хурсэ ху санэ,
Санэху зэраза къъузанэ.
Псынэ псыпс, псей дэкIей, зэпэпсыпсу дахэкIей.
Мейм мищэ щыпыщэщым щIэщэща пщIащэм мыщэ щопэщащэ.

ДжэгукIэр зи лъабжьэ мы Iэхуугъуэ хьэлэмэтым сабийхэр хуабжьу дехьэх, апхуэдэурэ, ямыщIэхэу, я бзэр къута мэхъу. Зэрыфщ1эщи, анэдэлъхубзэм и Iэфlагъыр сабийм зыхегъэщIэн хуейщ, ар иджыри цIыкIу щIыкIэ. А «фоунсыр» зэ зыуурылъэдам, сыт щыгъуи абы зыхуишинунущ, хуэныкъуэнущи. Араши, къахузэIуфх фымыщхьэхуу Iуэрыlуатэ - дыщэ пхъуантэр фи бынхэм. Абы дэлъ хъугъуэфIыгъуэ мылъытэхэр ябгъэдэдвгъалъхь сабийхэм.

● Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу

ПщылIынрэ кIыфIыгъэрэ

Апхуэдэ гъащIэт къапэплъэр зэрыпхъуакIуэхэм яубыда щIыналъэхэм щыпсэухэм

Иджыблагъэ Киев щекIуэкIащ Украинэр щхьэхуит къэщIыжьынымкIэ зэгухьэныгъэм (ОУН) хэтахэм я щIэблэхэмрэ абыхэм я хуэмэбжьыкIэмэхэмрэ я пэкIи Свастикэм и жьауэм щIэту уэрамхэм ськыдыхьащ фашизмэр къэгъэщIэрэщIэжьыным и телъхьэхэр, националистхэр. СС-м и «Галичина» украин дивизэр къызэрэгъэпэщрэ илъэс 75-рэ щрикъум ирыригъэхьэлIэри, ськыдагъэкIат абы и унафэщIу щытахэм я сурэтхэр зытегъэуа пощт маркэхэр. Апхуэдэ дыдэу зыкъом щIауэ Гитлер хейуэ ськыщIегъэдзынымкIэ, СССР-мрэ абы и пIэ иува Урысейм рэуэльуинымкIэ къэрал политикэ щыхъуащ Латвиеми, Литвами, Эстониеми (зэкIэ нэхъ жыжьэ дыIэбэнкъым).

УЕБЛЭМЭ укIытэжьркъым, пщым апхуэдизкIэ итхьэкъуащи. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди дежи мымащIэу ущрохьэлIэ бавар пивэм дихьэхэсми: «Гитлер диубыдамэ, бавар пивэ дефэу дыслъэгунут» жызыIэхэми. Мис ар псом нэхъри нэхъ зэгуэпыгъуэщ. Апхуэдэхэм ящIаркъым е, ящIэми, ябзыщI Фашист Германиер Совет Союзым ськытекIуамэ, ди лъэпкъхэм я кIуэдыжьыгъуэр ськыззэрысынур. Адрей псори къэдгъэнэнщи, абы дытепсэлъыхьынщ.

Нэмыцхэр, дауи, щыгуаззэтэкъым «Мыщэ кIуэымыкIам гуащэр щумыгъэгугъ» адыгэ псалъэжьым икIи хуеихэтэкъым: Европэ псор пIалъэ кIэщIым «зэжьэдзэыдзахэм» шэч гуэри ськытрахьэрэтэкъым славян лъэпкъэхэр, абыхэм къадэгъуэгурыкIуэхэри лъагуажьэмыщIхьэу зэрагъэувынум. АдэкIэ-щэ?

СССР-м ськытеуэным ипэ къихуэу зэхалъхьащ Гитлер Iэ зыщIидза «Директива №32» дэфтэр щэху дыдэр. Абы къыщыгъэлъэгъуат «ябыдыну» Совет Союзым и щIыналъэхэм я Iуэхур зыхуэкIуэнур. Ауэ пыухыкIауэ, щхьэтечу зыри щыуБзыхуатэкъым: пасэIуэт...

ЕпIэщIэкIым уэкI хуэад: хьащэхурыпхъуэу къыщIедджэн щхьэусыгъуэ къыкъуэкIми, ди абыхэм Iэщэ етт хъунукъым. Зыри - славянхэри, чехэри, къэзакъэри, украинхэри - хуиткъым Iэщэ яIыгъыну. Ар зезыхьэну хуитыр нэмыцхэм я закъуэщ».

КъуэкIыпIэмкIэ щыIэ щIыналъэхэр япэ щыкIэ «ягъэхьбзэн», нэхъ гурыIуэгъуэ жыпIэмэ, ихьунщIэн хуейт. Абыхэм мылъкур, дыщэхэкIэр, фIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къращыныр Гитлер пщэрыпъщIащ - рейсмаршал Геринг Германэ. Апхуэдэ щыкIкIэ ягъэкъэбза щIыналъэхэр иужькIэ инспекториати 4-у я гугъэшнут: Баден (нэхъапэм Киеву щытар), Вестфалие (Баку), Саксоние (Москва), Гольштиние (Ленинград).

Адрей нэхъ щIыпIэфIхэр, «Германие Иным» хыхьэн хуейт. ГъэщIэгъуэнщ зэныкъуэкъуэшхуэ иджы къызэрыкIа Кърымым теухуауэ Гитлер и мурадар. «Кърымым къанэ щымыIэу игъэкъэбзыкIым хуейщ мы зэманым абы щыпсэуэхэр. Абы щыпсэуэн хуейр нэмыцхэм я закъуэщ, - жиIэрт фюрерым. - Абы хагъэхьэ хьунущ Ишхъэрэ Тавриери -air Рейхым щыщ хьунущ».

Гитлер тхыдэмкIи еплъэкIыжырт. КъуэхьпIэ Украинэр (Галициер) Австро-Венгрие империем хыхьэу зэрыщытар кIиныпхтэкIэрэ, ар хуейт а щIыналъэри аргуэру нэмыцхэм я жьауэм щIэувыжыну. Нэмыцэ хуэд щыпсэуэ Прибалтикэ къэралри, Индыл Iуфи «Германие Иным» хигъэхьакIэт.

СССР-м и щIыналъэ ягуэшахэм къыщIыунэхуну къэралыщIэхэу блым я Iэтащхьэхэу Гитлер игъэувынут езым и нэфI зыщыуха нэмыцэ генерал ныбжьыщIэхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщIи, ахэр империем и жьIэм зыкIи ебакъуэ хъунутэкъым.

Абыхэм щыпсэуэхэр-щэ? Фашист Iэтащхьэхэм зэрауфэзыхьамкIэ, а щIыналъэхэр зея урысхэм, украинхэм, молдованхэм, белорусхэм, нэгъуэщIхэм я бжьыгъэр мелуан щэ ныкъуэм щIигъунутэкъым. Адрейхэр Урал зэпрахун е ягъэлIан хуейт. Къэнахэр игъащIкIэ нэмыщхэм яхэуапщылынут фабрикэхэм, губгъуэхэм щылажьэкIэрэ, Германием и лъэщагъыр ягъэбыдэу.

КъуэкIыпIэ щIыналъэхэмкIэ министру ягъэуват нэмыщхэм я расэ ефIэкIыныгъэм и теориер къэзыгупсыса икIи «журт хэм я Iуэхум къэгъаз имыIэу кIэ етыным» и планыр зэхэзыпхъа Розенберг Альфред. Абы хуит ищIынутэкъым нэмыщIхэмрэ славянхэмрэ IуэхуэкIи ныбжьэгъугъэкIи зызыпащIэну, зэрышэну. Иужьрейхэр щхьэхуэу псэун хуейт къыхуащI я унафэу.

Зэрыгурыуэгъуэщи, пщылIхэм тхэкIэеджэкIэ егъэщIынми, щIэныгъэ егъэгъуэтынымк, я щэнхабзэр хъумэным выри тепсэлъыхьыртэкъым. Ахэр театр е кино кIуэ хъунутэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, Iэщым хуагъэкIуэну я мурадт.

Мис аращ къуэдыжьыгъуэ жьхуаIэр! Пэжу, урысхэм, украинхэм, белорусхэм кIуэдыжьыгъуэр къапэплъэртэкъым - Уралым и щIыбкIи щIышхуэ дэлъщ ущыпсэуну. Араща, ахэр къызэтенэну щIыщIэкIынут, ауэ адрей лъэпкъхэр-щэ?

Мыри хьэлэмэтщ. Ди тхыгъэм и пэщIэдзэм дэ зи гугъу щытщIа зэгущIэм Гитлер псом хуэмыдэу щытригъэчыныхьащ яубыда щIыналъэхэм щекIуэкI Iуэхуэгъэ «хуабжьу нэрылъагуу» щытын зэрыхуэеим. Гитлер кIыгъэуваш Сталиным хуэдэ щIыуэ а щIыналъэхэм ськыщIмыинэхуэмыи ежьелеиуэ хуэсакъыну: «Нэхъыщхьэр езы щIыуэ гупхэркъым, атIэ абыхэм ахэр зэщIэзыгъэIуэфхэр ськаэхкIынщ зэрыхъунурц». Уеблэмэ абыи егупысат зэрыппхъуакIуэ нэхъыщхьэр!

Ди насыпщи, дэ ди мызакъуэуи, нацистхэм езыхэм я щыпIыпIэм ирагъэувыну зыхуэмурада лъэпкъ псомк я насыпщи, фашистхэм къайхъулIакъым я мурад бзаджэхэр. Мазэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, 1941 гъэм и дыгъэгъазэм хьащхьэрыIуэхэр Москва и деж щыщIагъэIащ, Сталинград иужькIэ зыми щэч къытриухьажакъым СССР-р Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуэнум. Совет зауэлIхэм езыхэм я Хэкум и мызакъуэу, Европэ псор, нэхъ куууэ уIэбэмэ, дуней псор, фашист пщылIпIэм ськрагъэлащ. Аращ пэжыр икIи ар зыми хущIэуфэнукъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

«Си псалъэр зыхуэгъэзар фэращ, си ныбжьэгъухэ, ськъэзыпхуэ си лъэпкъ!

Си гъащIэ псор, си хьэпсалэри си къарури, псэемыблэжу зэстар фэращ. Сэ гъэ 80 къэзгъэщIамэ, ар къыщIэзгъэщIари фэ сывигъуэт, фэ сыфхуэпсэурт, фигухэм сагъэхуабэрти араш. Иджы... сызыщыгуфIэу зыщ - адыгэлIт къыхэхуэжьфIэныщ; сигу кьеуэми, кьеуэр - дунейм сехьыжа нэужь, фэ сыфхуэпэжьэну, къулыкъу фхуэсщIэну зэрыслъэмыкIыжьнуращ. Насыпышхуэ къыслъысауэ къызолытэ бгырысхэм тхыбзэ яIэу си нэкIэ зэрыслъэгъуар - ильэс кьиин IэджэкIэ сыщIэбэнат сэ абы!» - гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI а псалъэхэмкIэ фIыщэу ильагъу и лъэпкъым дуней ехьажьмэ куэд имыIэжу зыхуигъэзауэ щытащ адыгэ уэзщIакIэ Iущ, еджагъэшхуэ, тхакIэ, усакIуэ хьэлэмэт, хэкупсэ нэсу псэуа Елбэд Хьэсэн Увжькъуэ и къуэм (1886 - 1967). Адыгэ махуэгъэпсым зи цIэр къыщыхъгъэбелджылыкIа лъэпкъ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ иджыблагъэ ильэсри 135-рэ иригъыщ.

УЭСЯГУ къэплъытэ хъунущ Елбэдым къызыхэкIа и лъэпкъым иужьрейуэ жриIэжа а псалъэхэр. А зыхуэгъэзэныгъэмкIэ къызэIуахэ Хьэсэн и тхыгъэ къыхэхахэр щIэзэхъэсауэ 1993 гъэм дунейм къытехьауэ щыта тхылъ купщIафIэр. «Гукъынэж» фIэщыгъэр зиIэ а къыдэкIыгъуэр зэхэсхьэрыр, апхуэдэуи абы пэублэ псалъэ хуэзытхар Елбэдым и гъуэгурыкIуэм зызыльытэжу щыта, лъэпкъ щIэныгъэлI икIи къэхутакIуэ цIэрыIуэ Нало Заурт. А тхылъым Налом къыщIэзэщIикъуэжащ Елбэдым теухуауэ щыIэ тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр.

ГъащIэ кIыхь икIи купщIафIэ къыпсэуащ Елбэд Хьэсэн. Ар 1886 гъэм къыщалъхуащ Тыжьей (Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ КьщIпэк) къуажэм дэса адыгэ унагъуэм. Хьэсэн и адэ Увжькъуэ дин щIэныгъэ зыбгъэдэлъа цIыхут. Адэ Iущым и къуэ нэхъыжьитIыр хьэрыпльбзэм хуригъэджат, нэхъыщIэ Хьэсэни абы хуиущIрт. АрщхьэкIэ ар нэсу бзэм хуригъэджэну хунэмысу, Увжькъуэ дуней ехьжащ, къуэ кIэсэми щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну нэхъыжьхэм уэсат къахуищIри. Адэм и уэрятым тету, Хьэсэн ирагащ Дыгулыбгъуей дэта мыдрисэм. Абы щызригъэгъуэта щIэныгъэм иужькIэ щыпищащ Дагъыстэным и дин еджапIэхэм. Хьэсэн и зыужьныгъэм ахэр лъабжьэ хуэхъуами, Налом зэриртымкIэ, абы щIэныгъэ куу щызригъэгъуэтари зэфIэкI лъагэхэр къыщызэхъуихари еджагъэшхуэхэу Цагъуэ Нурийрэ Дыш Iэдэмрэ я ядалъажьу щIидза нэужьщ. Ар зэманкIэ зыхуэзэр і совет лъэхъэнэращ. Хьэсэн бгъэдэлъа щIэныгъэ куур езым и акъылрэ ерыщагъкIэ зригъэгъуэтауэ щытащ, армыхъумэ, зэращ хабзэм хуэдэу, егъэджакIуэ хэхахэм я дежи кIуакъым, дерс купщIафIэхэми зым и дежи щедэIуакъым. Иужькъ бзэ щIэныгъэлI IэкIуэлъакIуэ якъызыхэкIа Елбэдыр абыкIэ якащхьэщокI адрей еджагъэшхуэ куэдым.

Ди щIыналъэм совет властыр щагъэувын ипэ къихуэу, Елбэдыр щылэжьат Бахъсэн дэта мыдрисэм, ныбжьыщIэхэм хьэрпыпбзэ яригъэджу. 1916 гъэм абы жэрдэм ищIащ адыгэбзэр джынымкIэ гупжьей къызэIуихьну. А мурадыр и гъэгугъэлъагъуэу, Цагъуэ Нурий бзэмрэ тхыдэмрэ ятеухуауэ кърита тхыгъэхэр и Iэдэжу, Хьэсэн иублащ дизадыкIуэ бзэмрэ тхыдэмрэ я ныбжьыщIэхэм яригъэджын Iуэхуэшхуэр. Абдежьым къыщыщIидзэри, Елбэдыр ильэс 50-м щIигъукIэ елэжьащ а унэтIныныгъэм. Абы и гуащIэ куэд хилъхьащ лъэпкъым бгъэдэлъ щIэныгъэм зегъэубгъуным, адыгэ тхыбзэм зегъэужьным, бзэм и хабзэхэм хэлъ Iуэху зэхэмыбзэкIэ гъэтэмэмжьыным, курыт школэм анэдэлхубзэр зэрыщагъэджа тхыгъэхэр егъэфIэкIуэным, бзэм епха нэгъуэщI Iуэхуэхэри зэпэщIыным.

Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм кIыщидзэуэ зэманым щIалэ жьыджэрыр хунэсырт ди щIыналъэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхуэхэм хэтыну. НэхъапэлуэкIэ, 1913 гъэм, Дзэлыкъуэ къыщыхьуауэ щыта зэрыхьэзэриймки хэтат ар цIыхубэр захуагъэм ськыхуриджэу. Даутокъуэ-Себребряков и дзэр ди щIыналъэм щыщIэзэуами, Елбэдыр апхуэдэ дыдэуи япэщIэувауэ щытащ зэхъуэжьныгъэщIэхэм я бийуэ ьэуэхэм. Налшык къалэм 1918 гъэм щызэхуащэсауэ щыта цIыхубэ сьэздым, апхуэдэуи Тэрч щIыналъэм къедэIыпIа жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр къырихьэлIэу Владикавказ 1920 гъэм щекIуэкIа зэхуэсэ инми я лъжьыгъэхэм ягъэзэщIу хэтахэм яхэтат Хьэсэн. Апхуэдэуц хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхьа Елбэдыр дунейм зэрыстетар: и пщэрыпъ къалэнхэри жылагъуэ Iуэхуэхэри къызэхуэтынщхьэпэхэр гъэзэщIэнырат.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм я пэщIэдзэм нэс апхуэдэу Елбэд Хьэсэн егъэджакIуэу щытхъащ я жьлэм къыщыщIэригъэпэща школым. КъыкIэлъыкIуэ ильэси 10-м къуриубыдэу ар Псыхуабзэ Налшыкрэ щыIащ, егъэджэныгъэм епха лъжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэгъэкIыу, къулыкъу зэмыщIхьэхэр зэрихьэу. 1939 гъэм Хьэсэн ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым къэбэрдеибзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм къыщызэIуахуэу егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IэнатIэм и тхьэмадэу. Апхуэдэу Елбэдыр хьхьащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Хьэсэн зэпигъэкъаш иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр, ахэр нэхъ кIащхъэ ищIами. Бийр ди щIыналъэм ирахужу, школхэм лэжьэн щIадзэжа нэужь, ар и кьалэнхэм пэрыувэжащ къэрушIэ хэлъу. 1944 гъэм Хьэсэн ирагъэблагъащ Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи абы къэбэрдеибзэмкIэ и къудамэм и пашэу ягъэуващ. А гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ, пенсэм кIуэхукIэ, а кьулыкъым пэрытащ Елбэдыр.

Адыгэбзэм и хабзэхэр зэтетхуэзэным, ар къабзэу, шэрыуэгъуэ Iуным, къытщIахьуэ щIэблэм анэбзэм и Iэфлагъэр зыхащIэу псэуным лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ Елбэдым. Ар щIэх-щIэхыурэ къыщыпсалъэрт бзэмрэ литературэмрэ ятеухуауэ екIуэкI щIыналъэпсо конференцхэм, нэгъуэщI зэхьхьэхэм, и Iуэху еплъыкIэхэр абыхэм я утыку къыщIуатэу. Лъэпкъ литературэм япэ лъэбакъуэхэр а зэманым хэзыпэ тхагъэ ныбжьыщIэхэм я къащIмилэм ськыпкI тхыгъэхэм хэт псалъэ зэпхахэр, жылагъуэ щхьэхуэхэр щапхъэу къиихьурэ, Елбэдым бзэм и лэжьакIуэхэр къыхуриджэрт адыгэбзэм и къабзагъым, грамматикэм и хабзэхэр ягъэззэщIэным гуплъыгъэ хэха хуащIыным. ЖыIэнурамэ, тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр щIэдзыурт бзэ щIэныгъэлIым, уэзщIакIуэм и псалъэм.

Езыр тхакIуэ щIэрыIуэу щымытами, Елбэдым бзэдзэлът апхуэдэ зэфIэкIи. Абы и кьалэмылэм кьыпыкIащ сабий щэнгъасэ Iуэтэж кIэщIхэр. Языныкъуэхэм дежьэ Елбэдым къиигъэсэбэпырт хамэ лъэпкъхэм яIэ тхыгъэ кIэщIхэри ахэр ди лъэпкъ щэнхабзэм хуигъэкIуэжырт, сабийхэм нэхъыфIу къагурыIуэн папщIэ. Абы и щапхъэщ Хьэсэн Хьэпшэ и бастэнхэр и лъабжьэу адыгэбзэкIэ зэкиГъэу-вэу щыта Iуэтэж щыкIуэр. УщиякIуэ-уэзщIакIуэ Iэзэм бгъэдэлъа апхуэдэ зэфIэкIыр лэжьыгъэм кьащIагъэсэбэпырт икIи сэбэп яхуэхъурт егъэджакIуэхэми гъэсакIуэхэми.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ инхэм кьадэкIуэу, Елбэд Хьэсэн сыт хуэдэ зэманми иригъэкIуэкI щIалэ жьыджэрыр зэрегъэжьыр зэрегъэжьыну папщIэ? Апхуэдэхэм хальытэ Цагъуэ Нурийрэ Щоджэнщыкъу Алийрэ ядитха зэредж тхылъыр. Абы мыхьэнэшхуэ иIащ а зэманым, сыту жыIэпмэ бзэр зэрегъэжьпхъэмкIэ узэрыгуэзэн тхылъ гуэри чэнджэщ лъэпкъи иджыри куэду щыщIэтэкъыми. «Артель» фIэщыгъэ зиIа а тхылъым ськыкIэпыкIуащ ягъэуащIхэри. Псори зэхэту ськъащтэмэ, Елбэд Хьэсэн и къэлэмыпэм къыпыкIащ зэредж тхылъу 13, абыхэм яхэткъым Iэрытхыу къэнахэри псалъалъэхэм я Iыхьэ зэмылIэужьыгъуэу ар зэлэжьакъри (апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэхэри 70-м щIегъу).

IэнатIэм хуищIа апхуэдэ хэхьэныгъэ иныр кьалъытэри, Елбэд Хьэсэн ськIыфIащауэ щытащ «КъБАССР-м и егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ».

«КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэхэр. Къинэмыщауэ, еджагъэшхуэм, лъэпкъ узэщIакIуэм къыхуагъэфэщащ «щIыхьым и дамыгъэ», «гуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденхэр, «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Зэрихьэзу, Елбэд Хьэсэн сыт хуэдэ лъэхъэни хэтащ жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Дзыхь къыхуащIу, ар мызэ-мытIэу хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату. Апхуэдэ пщIэ лъагэхэр, гулъытэ нэсхэр Хьэсэн къилэжьащ зыпэрыт Iэнатbased Iэмэ щызыхищIэ жэуаплинныгъэмкIэ, жылагъуэ Iуэхуэхэм яхуиIэ гудзакъэмкIэ.

Зи анэдэлхубзэм лъагъунагъэ мыкIуэщI хузиIэу зи гъащIэр зыхьа Елбэд Хьэсэн лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ адыгэ Iуэрыпуатэр зэхуэхьэсыжьныныкIи. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Iуэрыпуатэр лъэпкъым зэрыззэрихьэр, зэрыча зэрыхъур вариант зэмылIэужьыгъуэхэм итущ. Елбэдым зэхуихьэсыжри итхьжауэ щытащ нарт пшыналъэхэм я вариант зыбжанэ. Апхуэдэхэщ, къапштэмэ, «Нарт Сосрыкъуэ», «Нарт Батрэз», нэгъуэщIхэри. ЩIэныгъэлIхэми ськъэтхуэхэми хьэлэмэту икIи купщIафIэу кьалъытащ абы итхьжа таурыхъэмрэ зыбарыжьхэмрэ. КьинэмыщIауэ, Елбэдым Шортэн Аскэрбийрэ Щоджэнщыкъу Iэдэмрэ я гъусэу игъэхэзырат икIи 1948 гъэм кьыдигъэкIауэ щытащ «Къэбэрдей уэрэдхэмрэ псалъэжьхэмрэ» тхылъ гъащIэгъуэныр. Апхуэдэу щIэныгъэ дунейм гулъытэшхуэ щыхуащIащ Елбэд Хьэсэн Щоджэнщыкъу Iэдэмрэ профессор цIрыIуэ Яковлев Николайрэ щIыгъуу зэфIиха лэжьыгъэшхуэм: къэбэрдей псалъэжьхэр алфавиткIэ зэкIэлъыхьри, урысыбзэкIи зэридзэкIыжауэ щытащ. Ахэр Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыдигъэкI «Учёные записки»-м ихуащ. А псори ди тегъэщIапIэу жытIэ хъунущ бзэщIэныгъэлI Iэзэу зэрыщытам тебгъэкIуэну, Елбэд Хьэсэн Iуэрыпуатэдж гумызагъэуи льэпкъым дызэриIащ.

Лъэпкъ еджагъэшхуэм и кьалэмылэм кьыпыкIа лэжьыгъэ зэфIэмэтхэм ящыщщ «Гум къэкIыжжэр» мемуар тхыгъэшхуэр. И зэхэлъыкIэкIи, и уэхэкIэкIи гъэщIагъэуну икIи купщIафIэу щыт а тхыгъэм Елбэд Хьэсэн къыщIуэтэжащ и гъащIэ псор кьыззэрекIуэкIар. Роман дахэм ещхьу кьеджэгъуафIэу, узыIэпызышэу щыт, щIэныгъэ лэжьыгъэм хуэдэу купщIэшхуэ зиIэ а тхылым хуэдэ Елбэдым ар итхьн ипэ дамыIауэ жаIэ щIэныгъэлIхэм. Ар ещхьщ нэхъ ижьыIуэкIэ дунейм кьытехьауэ щыта, КIыщокъуэ Алим и «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхьмэ» романым. Елбэдым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ куууэ зыджа Нало Заур зэриртауэ щытамкIэ, литературэджхэмэ тхыдэджхэмэ яфIэхьэлэмэт Iуэхугъуэ куэд кьыщагъгъуеиащ а тхыгъэшхуэм. Абы итщ Хьэсэн и кьалэмылэмрэ кьыпыкIа узэкIэ, щIэныгъэ статьяхэр, гъэзэщ щыкIуэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу, кьапщтэмэ, тхылъым кьыхощыж адыгэхэм нэхъапэм я псэуклар, диIа еджапIэхэм (мыдрисхэм) щызекIуэу щыта хабзэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ, адыгэ тхыбзэмрэ литературэмрэ зэрызиужьа щыкIкIэхэр ди щIыналъэм тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэгъуэхэр зэрыщекIуэкIам я хъыбархэр. А Iуэхугъуэ псоми щыIуаззэ дызэрызэхъуэр ськъэ Елбэд Хьэсэн и гъащIэм дыкIуэцIрыплъурэщ.

КъЭБЭРДЕЙМ и узэщIакIуэ щэджащэр 1967 гъэм и фокIадэм дунейм ехьжащ, къыщалъхуа и къуажэм яшэжри, пщIэ хуащIу абы щыщIалъэжащ. И кIэм нитхысыну зыхунэмысу Нало Заур и фIыгъэкIэ иужькIэ къыдэкIа «Гум къэкIыжжэр» тхылъым итщ иужьрейуэ Елбэдым льэпкъым зэрыськуиГъэззэкар. Ди тхыгъэм и пэщIадзэм къыщытхьа а псалъэхэм мыпхуэдэкъэ ськаIэ-лъокIуэ: «...Сэ сыфхокIыжыр, си гуащIэ мащIэмкIэ злэжьа тIэкIури кьыфхузогъанэ. Псоми берычэт бесын вжьзоIэ, си илъэс 80-р насыпфIэу кьыззэрыгъэщIам щхьэкIэ! Хьэшыгъэ фыщыт, щыхухэ! Узынышу, щIэныгъэм дамэ зытригъэкIа, си псэм хуэдэ си льэпкъ дахэ!»

Апхуэдэу псэ къабзэу зи льэпкъым, зи анэдэлхубзэм, щIыхухэм яхущыта, льэкI псори адыгэхэм я зыужьныныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ тхыь хуэзыщIа Елбэд Хьэсэн Увжькъуэ и къуэр, узэщIакIуэ щIэрыIуэр, егъэжьэшхуэр, къэхутакIуэ емызэшыр, щIэныгъэ лэжьакIуэ ЖыIэнурамэ, зыпелъжьахэр ІэщIыбI дыкIуэ хуГъэфIыгъуэ дрырей хуэдэ. Елбэдым и гъащIэ кущIафIэри зэкупсэ нэсым, кьызыхэкIа льэпкъым хуищIэфынум и щапхъэ ирехъу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Япэ итахэр

Адыгэ лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьа Елбэд Хьэсэн

шэу, гудзакъэ хэлъу дапщэщи зэдихьу.

Совет псэукIэ хабзэм и льэбжьэкIэр ди щIыналъэм щагъэтIылъу динымрэ щIыхьбэ егъэджэныгъэмрэ зэпэIэщIэ ящIа нэужь, Елбэд Хьэсэн яхэтащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр ди хэкум япэу щызэтеувыгъаныкIэ. НэхъапэуэкIи апхуэдэ еплъыкIэт абы армырами и лэжьыгъэм тегъэщIапIэ хуищIари, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур кьэралым иригъэкIуэкI политикэм и зы Iыхьэ щыхъуи, зи лъэпкъыр фIыуэ зыльагъу, абы и кьэкIуэнур дахэ зэрыхъуным зи гупсысэри IуэхущIафэри хуэунэтIа Елбэдыр нэхъ жьыджэрыжу иужь ихьащ Iэнатbased хуиIэ хуэпсапIэхэр нахуапIэ щIыным. Пэжу жыIэпэнумэ, а лъэхъэнэм егъэджакIуэу улэжьэну хуабжьу гугъат, сыту жыIэпэмэ щIыбэм къащIыхьарт жылэхэм къыщIэзэIуах щхьэхуэм уи быныр екIуалIэмэ, ар якIэщIаууу, гъащIэм хуалэ гупсысэхэр зэхъуэкIа хъуэу, абы зэранигъэ куэд льэпкъым къызиухыну. Ябяныкъуэхэми къалъытэрт егъэджэныгъэр льэпкъышхуэм я бзэмкIэ егъэкIуэкIыпхъэу, ди алыфбейр зытет графикэм къытешауэ щIэлбэр диным пэIэщIэ щIын папщIэ. ЗэхъуэкIныныгъэхэр нобэм къыздэсым щыкуэд егъэджэныгъэ Iэнатbased и лъабжьэр щагъэтIылъ зэманри, «Iуэху мыублэм хэс блэр» сыт хуэдэми зыми ищIэртэкъым. Абыи лэжьыгъэр льэпощхьэпоунщэ ищIыртэкъым.

Дауэ хъуми, сыт хуэдэ гугъуехьхэр Iуэхум хэлъами, хэкупсэ нэсхэм лIыгъэщIапIэ яхуэхъуа а Iэнатbased и зыужьныныгъэм зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIащ лъэхъэнэм и цIыху пажэхэм. Елбэд Хьэсэн хуэдэу псэемыблэжу Iуэхум хэтащ адыгэлI пэрытхэу ЦагъуэI Нурий, Щоджэнщыкъу Алий, Борыкъуей ГIутIэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Кьалэмыр тхылъым дэщIыгъуэ зи Iэдэж а хэкупсэхэм яIэхэI псори ящIащ адыгэ лъэпкъыр щIэныгъэм и нурым хашэныкIэ. ДощIэ абыхэм Iэщэкъ кьащIэпщIэти, я гъащIэр кьыщIэзэпауди, ерагъыу кьыззэрагъэпэща еджапIэ закъуэкIэ тхыльхэр щIэлъу щагъэх кьэхъуу зэрыщытар, ар жагъуэ зэрыхъуущи. «Си псэр нэхъапэщ», - жамыIэу Хьэсэн сымэ хуэдэхэр зэхэлэту ягъэлэжьащ цIыхубэр кIыфIыгъэм кьыхэушIи Iэхъущхуэм. Араща абыхэм я егъэджакIуэхэм лIыхъужьхкIэ уеджэжми кьыщIезэгъыр.

КьыззэIуихха школым и унафэщIу, апхуэдэуи егъэджакIуэу зэрыщытым кьыдэкIуэу, Елбэдыр жьыджэру хэтт щалъхуа жьлэми зыщыщI Бахъсэн щIыналъэми щекIуэкI Iуэху щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ хэкупсэр кьуажэм кьыщIэзэрагъэпщ комиссэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэм я пашэт, гъэнэгу жьлэхэм кьыщызэIуах ликбез пунктхэм я чэнджэщгъуэт, уеблэмэ Елбэдыраат кьуажэм абы щыгъуэ кьыщызэрагъэпэща бзыльыгъуэ зэгухэныгъэм и Iуэхур зэзэгъыIуари. Апхуэдэу, кьру пашэм ещхьу, Тыжьей лэжьыгъуэ дэлъым я нэхъыбэм и кьызэгъэпэщакIуэт Елбэд Хьэсэн. Абы щыгъуэми куэдрэ кьэхъурт абы и лэжьыгъэм улахуэ гуэри кьыщыпэмыкIуэ, щIэнщэу щызэфIих. АрщхьэкIэ гу кьабзэрэ псэ хуабэрэ зиIэ адыгэлIым и лэжьыгъэ ешхуэ и щхьэ Iуэхур ирагъэкъым, атIэ щIыналъэм социальнэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ зыужьныгъэхэр кьыхуэзыхьыну зэхъуэкIыныгъэфIхэр кьызэрыкI лэжьыгъэ кьыщыхьыха, спортымкIэ щIыхь зиIэ мастер **Джэду Iэниуар** сымэ.

КьызэгъэпэщакIуэхэм ягъэлъэгъуащ экстремизмэм зэрыпэщIэт, хэкупсэу щытыным хуэунэтIа фильмхэр.

Полицейхэр тепсэлъыхьащ Интернетыр кьагъэсэбэпу щIалэгъуалэр хабзэм кьемызэгъ Iуэхухэм зэрыкашэ Iэмалхэм, абы щащхьэкIи зэрыхуейм.

Сыжажэ Алим ныбжьыщIэхэм яжриIащ нэхъыжьхэм зэрахущытыпхъэр, езыхэми Iэмал имыIэу пщIэ зэхуащIи, шыIэ яхэлъ зэрыхуейр. Муллаевэ Ланэ зэIущIэм кьрихьэлIахэр Хьэсэн кьилэжьащ зыпэрыт Iэнатbased щызыхищIэ жэуаплинныгъэмкIэ, жылагъуэ Iуэхуэхэм яхуиIэ гудзакъэмкIэ.

Зи анэдэлхубзэм лъагъунагъэ мыкIуэщI хузиIэу зи гъащIэр зыхьа Елбэд Хьэсэн лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ адыгэ Iуэрыпуатэр зэхуэхьэсыжьныныкIи. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Iуэрыпуатэр лъэпкъым зэрыззэрихьэр, зэрыча зэрыхъур вариант зэмылIэужьыгъуэхэм итущ. Елбэдым зэхуихьэсыжри итхьжауэ щытащ нарт пшыналъэхэм я вариант зыбжанэ. Апхуэдэхэщ, къапштэмэ, «Нарт Сосрыкъуэ», «Нарт Батрэз», нэгъуэщIхэри. ЩIэныгъэлIхэми ськъэтхуэхэми хьэлэмэту икIи купщIафIэу кьалъытащ абы итхьжа таурыхъэмрэ зыбарыжьхэмрэ. КьинэмыщIауэ, Елбэдым Шортэн Аскэрбийрэ Щоджэнщыкъу Iэдэмрэ я гъусэу игъэхэзырат икIи 1948 гъэм кьыдигъэкIауэ щытащ «Къэбэрдей уэрэдхэмрэ псалъэжьхэмрэ» тхылъ гъащIэгъуэныр. Апхуэдэу щIэныгъэ дунейм гулъытэшхуэ щыхуащIащ Елбэд Хьэсэн Щоджэнщыкъу Iэдэмрэ профессор цIрыIуэ Яковлев Николайрэ щIыгъуу зэфIиха лэжьыгъэшхуэм: къэбэрдей псалъэжьхэр алфавиткIэ зэкIэлъыхьри, урысыбзэкIи зэридзэкIыжауэ щытащ. Ахэр Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыдигъэкI «Учёные записки»-м ихуащ. А псори ди тегъэщIапIэу жытIэ хъунущ бзэщIэныгъэлI Iэзэу зэрыщытам тебгъэкIуэну, Елбэд Хьэсэн Iуэрыпуатэдж гум

● Пшыхьхэр

ДышэкІ КІунэ и цІэр зэрехьэ

Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкіэ и уардэунэм накъыгъэм и 26-м пшыхь гуапэ щекІуэкІащ. Ар иращІэкІащ РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ, Совет Щ1энгъуазэ Иным иратха, зи гуащІэр къалъыта ДышэкІ КІунэ и цІэр іуэхущІапІэм зэрыфІащым. Зэхыхьэр ирагъэкІуэкІащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Хьэмырэ Ахьмэдрэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Хьэхъупащіэ ФатІимэрэ.

ПШЫХЬЫМ кірихьэлІаэ-хэм ягу кьагъэкІыжащ ДышэкІ КІунэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ. Сценэр фІыуэ зыльагъуу, абы щыджэгу кьудей мыхъуу щыпсэууэ щыта артисткэм и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ я тхыдэм дыщэ хъэрфхэмкІэ тхауэ къыхэнащ. Ар зымыцІыкУ республикэм кьигъэтэгъуейт. Абы и гъащІэр хуэгъэпсат театр гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэмкІэ хуэлэжьэным.

1935 гъэм библиотекэ лэжьыгъэм хурагъэджэну илъэс 14 ныбжьым иту ар Псыхуабэ ягъэкІуащ. Курсым щыІэхэм спектакль ягъэувауэ, абы ельа Къалмыкъ БетІал ДышэкІым къыпІыэса ролыр зэрригъэзэщІар игу ирихьауэ жаІэж. Уеблэмэ, арэзымэ, Москва щыІэ ГИТИС-м игъэкІуну къыжриІат. Ауэ ДышэкІыр щеджар Налшык къалэ дэт театр студиераш.

1937 гъэм Къэбэрдей театрыр къызэІуахащ. Ягъэ сценэм къихьахэм яхэтащ КІунэ. Корнейчук Александр и «Платон Кречет» пьесэм хэт Лидэ и ролыр игъэзэщІащ абы щыгъуэм. КІунэ Къэбэрдей драмэ театрым зэрыщылэжьа илъэс 65-м кІэриубыдэу роль 250-м щІигъу игъэзэщІащ. Псом хуэмыдэу артисткэм фІыуэ илъагъуу щытащ анэм и ролыр. Абы нэхъ кьеХъулІауэ кьалъытэ Гоголь и «Фызышэм» щигъэзэщІа Тихоновэ Агафье, Шолоховым и «ЩІыщІэ къэІэта» тхыгъэм кьытращІыкІа спектаклым къыхэщІ Куприяновэ Дарье сымэ я ролхэр. КъыжьыІатхьэщІ, комедие, трагедие ролхэм пылъхьэнщэу пІэлъэщу зэрыщытар. Ар гукъинэжу щыджэгущІ Гоголь Николай и «Ревизор», Акъсырэ Залмыхъан и «Дахэнагъуэ», ЩхьэгъэпсэуІ Мухьэмэд и «ТІэмашэ и унагъуэр» спектаклхэм. КІунэ киноми щыджэгущІ. КІыщокъуэ Алим зи сценарий итха «Бгы къыгуэя» фильмым адыгэ фызыжь Зэрылэ и ролыр арат зэратар.

КъБАССР-м и цІыхубэ артист, РСФСР-м щыхь зиІэ и артист, драматург, режиссёр, зэфІэкІ лъагэ зиІэ артист Тубай Мухьэмэдрэ ДышэкІ КІунэрэ бынитху – Борис, Заур, Раисэ, Юрэ, Аслъэн сымэ - зэдапІащ.

- ДышэкІ КІунэ щІыхубэм нобэр къыздэсым фІыуэ ялъагъу вагъущ. Театр режиссёр, актёр цІэрыІуэ Станиславский Константин и Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зыхимыгъэгъуэзами, институт къимыуахами, артист ІэщІагъэм хуеджэхэм кьахуэщхьэпэну лэжьыгъэхэр итхыфыну апхуэдэ зэфІэкІрэ щІэныгъэкІэ Тхьэр къыхуэупсат. Нобэр къыздэсым КІунэ и лэжьэгъуэхэм тщыгъупщэркъым, – игу кьеГъэкІыж КъБР-м и цІыхубэ артисткэ, **Хьэмыку Жаннэ**.

КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **КІэхумахуэ ФатІимэ** игу кьигъэкІыжащ ДышэкІ КІунэрэ ТІыхъужь Алийрэ щыджэгуа «ИугъащІэ лъагъуныгъэм!» спектаклыр я къуажэ курыт еджапІэм къашІэу зэрыщагъэльэгъуар, ар гукъинэж зэрыщыкъуар.

- Абы щыгъуэм а артистхэр апхуэдизкІэ «сфІэинти», уафэм кьеХауэ фІэкІ кьысщыхьэгъэкъым икІи КІунэ и гъуэсу зы утыку сыщыджэгуну зэгуэр кьыСхуихуэну си щІыхьэпІи кьыхэхуэртэкъым, - жиІащ КІэхумахуэм. - ЕджапІэ нэхъыкІ кьыщызгъэзэжам, апэ дыдэу «Яшэмрэ кьэзышэхэмрэ» спектаклым Гулэ и ролыр щызгъэзэщІауэ щытащ, КІунэ срипхъуж.

- Іэщ1агъэ, лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІэ си гъащІэ гъуэгуанэм сызыщрихьэлІаХэм ящыщу псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхьэщІащ ДышэкІ КІунэ. Абы кьыбгъэдэкІ гъапагъэр, цІыхуфІагъэр, и лэжьэгъуэхэм хуиІэ лъагъуныгъэр инт, - игу кьегъэкІыж **Хьэмырзэ Ахьмэд**.

- Сэ сыпсэуху, си анэм и Іэщ1агъэм пысщэху, си дэлъхуэхэр, дэ кьыштщІэхъуа щІэблэр дыщыІэху, мамэ дигу илъыху ар тщІыгъуу псэнуущ. Анэм хузиІэ лъагъуныгъэр зэи кІуэдынукъым, - жеІэ КъБР-м и цІыхубэ артисткэ, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и актрисэ, КІунэ ипхъу **Тубай Раисэ**.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и псальэм кьыхигъэщащ ДышэкІ КІунэрэ Сибэч Быхуэрэ зэныбжьыгъуу зэрыщытар, КІунэ цІыху дахэу, сыт щыгъуи гушыІэ хэлъу, гукъыдж иІэу, псалъэ лей жимыІэу зэрыщытар игу кьызэринэжар.

- Артист Іэщ1агъэм куэд хуоджэ, ауэ артист хъур зырызыхъхащ. ДышэкІ КІунэ и закъуэу сценэм щитым и деж апхуэдизкІэ театрепльхэр зэщІишэрти, цІыхуищэ итым хуэдэу кьыпщІугъэхъуфырт. Абы хэлъ дахагъэмрэ къабзагъэмрэ удамыхьэхынкІэ, узыІэпамышэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. КІунэ утыкум щитым и деж ублэпльыкІыу нэгъуэщым уеплъыфыртэкъым, апхуэдизкІэ гъэщІэгъуэну джэгурти, - жеІэ министрым. – Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм ДышэкІ КІунэ и цІэр зэрыфІащар хуабжу си гуапэщ. Артисткэ гъуэзэджэр зыщыдмыгъэгъупщэу, и цІэр куэдрэ кьитІуэу, и пщІэм дыззхуишэсу Тхьэм дыщигъэІэ!

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ ДышэкІ КІунэ щыджэгуа спектаклхэм ящыщу архивым щахъумэ Шолохов Михаил и «ЩІыщІэ къэІэта», Шамхалов Мухьэмэд и «Гуащэ ябгэ» спектаклхэм щыщ теплъэгъуэхэр. Зэхьхьэ гуапэр ягъэдэхащ Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкІэ и «Вагъуэ цІыкІуэр» ансамблым, республикэм и уэрэджьакІуэхэу Цокыл Азэмэт, Тхьэгъэлэдж Светланэ сымэ, нэгъэщІхэми.

Театрым къыдэкІуэу жылагъуэ лэжьыгъэхэри игъэзэщІащ ДышэкІ КІунэ икІи КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тІэунейрэ хахащ. Нобэ кьытхэмытыжми, и Іыхьлыхэм, и лэжьэгъуэхэм, и гуащІэр фІыуэ зыльэгъуа цІыхубэм ар ящыгъупщажьэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Хьэшырым и удын тІуащІэхэр

«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:2 (2:1). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. Накъыгъэм и 27-м. ЦІыху 290-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Ермаков (Краснодар), Гаджигусейнов (Мэхъэчкьалэ), Селезнёв (Мэзкуу).

«**Мэшыкъуэ-КМВ**»: Калюжный, Кабулов, Шумахуэ И., Фёдоров, Осинов, Камболов, Шабичев, Базаев (Карибов, 76), Победимов, Дулаев (Григорян, 85), Соловьёв (Бигулаев, 82).

«**Спартак-Налшык**»: Кьардэн, Ольмезов, Сындыку, Шумахуэ, Мэкъуауэ, Къумыкъу И. (Дэхъу, 46), Багъэтыр (Іэпщацэ, 63), Пащты, Ашуев (Апажэ, 60), ХьутІэ (Жангуразов, 74), Хьэшыр.

Топхэр дагъэкІащ: Соловьёвым, 2 (1:0). Хьэшырым, 13 (1:1). Соловьёвым, 25 (2:1). Хьэшырым, 86 (2:2).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Осиновым, Шумахуэ З., Базаевым, Камболовым, Кабуловым.

«**Спартак-Налшыкым**» «Мэшыкъуэ-КМВ» - Псыхуабэ щыдригъэкІуэкІа накъыгъэ мазэм и иужь зэІущІэм командхэм турнир таблицэм щаІыгъ увыпІэм теухуауэ мыхьэнэ щІагъуэ иІэжтэкъым: тІури курыт зэфІэкІ зиІэхэм кьахэхутати, ищхьэкІи заІэтырыныгтэкъым ильаб1эми ехуэхьфынутэкъым. Арауэ кьыщІэкІынущ я лъэмрэ я гумрэ утІыпщауэ ахэр щІыззэдэжьагъар, еплъахэм дзрэжэгъуэ ирагъэгъуэту.

ЗэІущІэм щІидзэри стадионым и дикторым командхэм хэтхэм я цІэр къриІуэн иухатэкъым, къызэхуэсахэм я зэрыгъэкІий макъ лъэщым ар къыщызэпиудам. Хэгъэрейхэм я гъуащхьауэ Соловьёв Дмитрий иджыри къызэщІэмыплъа ди гъуащхьэхъумэхэм яІэщІэкІри, бжыгъэр къызэІуихащ.

Апхуэдэ щІэщхъуэм хэти и гур ирихьфынут. АрщхьэкІэ «Спартак-Налшыкыр» къэдзыхакъым. Псынщ1эу топ къызэрыхудагъэкІам нэхъри зэщІигъэуІуа ди щІалэхэр къаруущхуэкІэ ипэкІэ кІуэтащ икІи Хьэшыр Алан мыгувэу Іэхур зэтес ищыжащ - 1:1.

Тыншу бжыгъэр зэхуэдэ зэрыхъужам игъэбелэрыгъэ налшыкдгэсхэм аргуэру Соловьёвыр яІащІэкІащ икІи 25-нэ дакъикъэм «Мэшыкъуэ-КМВ»-р япэ ищыжащ. Апхуэдэу къэхъуа пэтми, нэрылъагъут Іуэхур абыкІэ зэримыхъынур.

ХьэщІэхэми хэгъэрейхэми мызэ-мытІэу Іэмал гъуэзэджэхэр кьахукъуэкІырт бжыгъэм зрагъэхъуэжыну. Арщхьэкіэ Шумахуэ зэкъуэшхэр зи пашэ зэхьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэхъумэхэр иджы бэлэрыгъыртэкъым. Адрейхэм и деж гъуащхьэтетхэр щыуагъэнщэт.

Джэгур и кІэм нэблагъэхукІэ «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр нэхъ лъэщыжу кьызэкъуихырт. Абыкіэ сэбэп хъуат зэІущІэм кьыхьхьагъащІэхэри. Арщхьэкіэ кІэух бжыгъэр щызэфІэувар 86-нэ дакъикъэращ. БлэкІа зэІущІэм «ТІуапсым» топитІ щыхудзэыгъэкІа Хьэшыр Алан а мардэр аргурэу игъэзэщІащ, етІуанэу мыбыи къыщыхэжаныкІри. Афэрым, щІалэфІ!

Бжыгъэр 2:2-уэ зэрыхъуам лъэныкъуитІри арэзы кьищІ хуэдэт. Абы щхьэкІэ къэмынэу джэгум и иужь дакъикъэхэр иухыхукІэ дэтхэнэри текІуэныгъэм щІэбэнащ икІи пэгъунэгъу дыдэ хуэхъуат. Арщхьэкіэ...

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым зэхьэзэхуэр и кІэм щыобладгъэ. Хьэнэжа джэгугъуищыр хуабжу гуащІэ зэрыхъунум и щыхьэтщ блэкІар. ЗэІущІэхэр махуитІкІэ зэщхьэщыхьауэ зэрыщытам ар нэхъ хьэлэмэтэхь ищІащ. Псом хуэмыдэу узыІэпІэшІэт пашэхэм я зэныкъуэкъуныгъэр. Махуэкум зэпеуэм бжыпэр щиубыдащ Гъурф Азэмэтрэ Мамты Хьэсэнрэ (тІэунейрэ) дагъэкІа топхэм я фІыгъэкІэ «Мэхъэчкьалэ» командэ лъэщыр бжыгъэшхуэкІэ хэзыгъэщІа Краснодар и «Кубань»-м. Абы иужькІэ топджэгум дихьэхэр темыпІыІэжу жэщмахуэ псокІэ пэплъащ краснодардэсхэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ, ди лъхэгъу ДышэкІ Асльэн зи пашэ зэхьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэхъумэхэр щІыхь зиІэ я эстрадэ артист цІэрыІуэхэм.

ЦІЫХУХЭР щыпсэу, икІи лъэс лъагъуэхэр сабийхэм дежкІэ щынагъуэнщэу щытын папщІэ гъэгугъэхэм зэрыщызекІуэ псынщІагъэр сыхьэтыж километр 30-м ФІамыгъэкІыну рулым дэсхэр кьыхуриджащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щІыхь зиІэ я артист **Текуев Амур**. Абы кьыхигъэщащ щынагъуэншагъэр щегъэфІэкІуэныр дэтхэнэ зыми кьызэрыдэлъытар. А Іуэхум трахуха плакатым Текуев Амур тритхащ «Псынщ1агъэр гъэмащІэ - гъащІэр кьегъэл!» псалъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ я артист, зэхьэзэхуэр зэмылІэужьыгъуэхэм куэдрэ ехъулІэныгъэхэр кьащІыхьэ Апхуэдэу къэхъуа пэтми, нэрылъагъут Іуэхур абыкІэ зэримыхъынур.

ХьэщІэхэми хэгъэрейхэми мызэ-мытІэу Іэмал гъуэзэджэхэр кьахукъуэкІырт бжыгъэм зрагъэхъуэжыну. Арщхьэкіэ Шумахуэ зэкъуэшхэр зи пашэ зэхьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэхъумэхэр иджы бэлэрыгъыртэкъым. Адрейхэм и деж гъуащхьэтетхэр щыуагъэнщэт.

Джэгур и кІэм нэблагъэхукІэ «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр нэхъ лъэщыжу кьызэкъуихырт. Абыкіэ сэбэп хъуат зэІущІэм кьыхьхьагъащІэхэри. Арщхьэкіэ кІэух бжыгъэр щызэфІэувар 86-нэ дакъикъэращ. БлэкІа зэІущІэм «ТІуапсым» топитІ щыхудзэыгъэкІа Хьэшыр Алан а мардэр аргурэу игъэзэщІащ, етІуанэу мыбыи къыщыхэжаныкІри. Афэрым, щІалэфІ!

Бжыгъэр 2:2-уэ зэрыхъуам лъэныкъуитІри арэзы кьищІ хуэдэт. Абы щхьэкІэ къэмынэу джэгум и иужь дакъикъэхэр иухыхукІэ дэтхэнэри текІуэныгъэм щІэбэнащ икІи пэгъунэгъу дыдэ хуэхъуат. Арщхьэкіэ...

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым зэхьэзэхуэр и кІэм щыобладгъэ. Хьэнэжа джэгугъуищыр хуабжу гуащІэ зэрыхъунум и щыхьэтщ блэкІар. ЗэІущІэхэр махуитІкІэ зэщхьэщыхьауэ зэрыщытам ар нэхъ хьэлэмэтэхь ищІащ. Псом хуэмыдэу узыІэпІэшІэт пашэхэм я зэныкъуэкъуныгъэр. Махуэкум зэпеуэм бжыпэр щиубыдащ Гъурф Азэмэтрэ Мамты Хьэсэнрэ (тІэунейрэ) дагъэкІа топхэм я фІыгъэкІэ «Мэхъэчкьалэ» командэ лъэщыр бжыгъэшхуэкІэ хэзыгъэщІа Краснодар и «Кубань»-м. Абы иужькІэ топджэгум дихьэхэр темыпІыІэжу жэщмахуэ псокІэ пэплъащ краснодардэсхэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ, ди лъхэгъу ДышэкІ Асльэн зи пашэ «Кубань-Холдинг»-м и Іэхуху Дагъыстэнымэ и къалащхьэм зэрыщыхьуным. Павловскдэсхэм абы очкоитІ щафІэкІуэдащ. Арати, къалъэщІыхьэжыпа «Кубань»-м иджы бжыпэр дагуэш. Уеблэмэ текІуэныгъэу кьахьар зэрынэхъыбэм кьыхэкІыу я хьэрхуэрэгъуэхэр япэ ирагъэщащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ махуэкумрэ мэремымрэ зэхэта зэІущІэхэм кьарикІуа бжыгъэхэм: «**ТІуапсы**» (ТІуапсы) - «**Анжи**» (Мэхъэчкьалэ) - **2:6**; **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**ЕсэнтІыгу**» (ЕсэнтІыгу) - **1:0**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:2**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Мэхъэчкьалэ**» (Мэхъэчкьалэ) - **4:1**, «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкьалэ) – «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **0:0**, «**Дружба**» (Мейкьуалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:1**, «**Интер**» (Черкесск) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» мэкъуауэгъуэм и 2-м иригъэкІуэкІынущ. А махуэм абы кьригъэблэгъэнущ Таганрог и «Форте» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Кубань»	30	24	2	4	74-21	74
2.	«Кубань-Холдинг»	30	23	5	2	60-21	74
3.	«Черноморец»	29	19	6	4	47-16	63
4.	«Легион Динамо»	29	15	13	1	54-17	58
5.	СКА	29	17	4	8	63-28	55
6.	«Анжи»	29	12	9	8	53-41	45
7.	«Форте»	29	11	8	10	50-30	41
8.	«Спартак-Налшык»	29	11	8	10	41-34	41
9.	«Мэхъэчкьалэ»	29	11	7	11	42-41	40
10.	«Динамо-Ставрополь»	28	11	5	12	38-41	38
11.	«Биолог-Новокубанск»	29	10	3	16	52-49	33
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	29	9	6	14	38-50	33
13.	«Краснодар-3»	28	8	6	14	33-48	30
14.	«Дружба»	29	6	4	19	25-69	22
15.	«Интер»	30	4	6	20	27-79	18
16.	«ТІуапсы»	29	4	2	23	36-99	14
17.	«ЕсэнтІыгу»	29	3	4	22	25-74	13

Гъуэгухэм фыщысакъ

● Жэрдэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэным ехьэлІауэ щрагъэкІуэкІ еханэ тхьэмахуэм жыдэкъу хэтащ икІи «Гъуэгухэр ГъащІэм папщІэ» кьыхуеджэныгъэр даІыгъащ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм щІыхь зиІэ я эстрадэ артист цІэрыІуэхэм.

ЦІЫХУХЭР щыпсэу, икІи лъэс лъагъуэхэр сабийхэм дежкІэ щынагъуэншэу щытын папщІэ гъэгугъэхэм зэрыщызекІуэ псынщІагъэр сыхьэтыж километр 30-м ФІамыгъэкІыну рулым дэсхэр кьыхуриджащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щІыхь зиІэ я артист **Текуев Амур**. Абы кьыхигъэщащ щынагъуэншагъэр щегъэфІэкІуэныр дэтхэнэ зыми кьызэрыдэлъытар. А Іуэхум трахуха плакатым Текуев Амур тритхащ «Псынщ1агъэр гъэмащІэ - гъащІэр кьегъэл!» псалъэхэр.



Апэнэс Астемыр шофёрхэр кьыхуриджащ сабийхэм хуэсакъыну, псынщІэу я кьамыжьыхьыну. Абы плакатым тритхащ «Сабийхэри фэри зыфхъумэ!» псалъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артисткэ **Ракитинэ Иринэ** кьыхигъэщащ школхэм, сабий садхэмрэ цІыху зэхуэсыпІэхэмрэ я гъунэгъу ущыхьукІэ, автомашинэм и псынщІагъэм кІэрыбгъэхун зэрыхуейр. «ФымыпІащІэ, итІанэщ зым адрейр щихьымэфынур!» - итхащ артисткэм. «Гъуэгухэм фыщысакъ!» Фэри ди сабийхэри фхъумэ!», - дышІигъужащ Ракитинэ Иринэ.

ЗэІущІэм и кІэухыу, Урысей МВД-м Налшык кьалэм щиІэ управленэм и ГИБДД-м и инспекторхэм ящІыгъуу, Текуев Амур, Апэнэс Астемыр, Ракитинэ Иринэ сымэ артист цІэрыІуэхэм «Дороги Для Жизни» хештегыр яІыгъуу сурэт зытрагъэхащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЦЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Тэрим Марианнэ, �щІхьащэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэхэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78

Теддэж тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм изу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужькъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгу* **Елмэс ФатІимэ.** *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящІаш* **Дол Марина, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэт.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927● Заказ №1155